

MOSES AND AARON EXCLUDED FROM CAANAN

Lesson 128

NUMBERS : 20:1-13

Memory verse : "*We desire that each one of you may show the same diligence to the fullness of hope even to the end.*" Hebrews 6 :11

MOSE NA ARONI BAHAKANIWE KUZOSHIKA I KANANI

Icirwa ci 128

Guharura 20:1-13.

Ijambo ngenderwako : "*Kandi turagomba cane yuko umuntu wese wo muri mwebwe yerekana uwo mwete nyene w'ivyizigiro vyuzuye gushika kw'iherezo.*"
Aba Heburayo 6:11

I . Intangamarara

Urugendo rw'Abisirayeli mu bugararwa rurabandanya. Ubu ho bageze mu bugararwa bw'i Zini. Begeze i Kadeshi, Miriyamu mushiki wa Mose arwaho, baramuhamba. None barabuze abura amazi. Baciye bikora ku kirwanisho cabo co gutonganya abayobozi babo. Imana isaba Mose na Aroni kubarira igitandara kigasendanisha amazi. Ntibayubahisha, Mose aca agikubita inkoni kabiri, ingingo iba irafashe yo kutazoshika i Kanani mu gihugu c'isezerano.

II. Amazi y'i Meriba

Uko bazunguruka mu bugararwa ya mwaka 40, bategerezwa kugenda bimukana rya hema ry'ibonaniro n'ibirimwo vyose, Uhoraho abayoboje inkingi y'igicu, abaha manu bakayirya uko bashatse, atuma impuzu n'ibirato bidahera, akabaha amazi avuye mu gitandara...

Iyi myaka yo kuba mu bugararwa izotuma Abisirayeli biga Uhoraho yabakuye muri Egiputa uwariwe koko, bamenye ivyo akunda n'ivyo yanka. Uwo Imana yakunda wese, naho yoba ikigaba, Uhoraho ntamuheba, aramurondera gushika amwiyigishirije akamuha amahoro. **Yesaya 54:13** « *Abana bawe bose bazokwigishwa nanje, jewe Uhoraho, kandi amahoro abana bawe bazogira azoba menshi.* » Niba ucumura ukumva ni amahoro, umenye ko wamaze guhabwa umutima wakahebwe. Rindira urupfu rwa kabiri.

Uku kubura amazi, yari ingorane Imana isanzwe izi, ariko irarindira ngo irabe uko bavyifatamwo. **Zaburi 81:7c** « *Nakugerageje ku mazi y'i Meriba.* » Meriba risobanura ngo intoganya. Kugera ubu ntibarizera Uhoraho, baracari mu ntonganya. Niwe ashoboye kubagaburira ari imiliyoni zirenga zitatu, abakingira

uruzuba rwo mu bugararwa, abarinda inzoka na sikoropiyo vyaho, ariko ivyo vyose babifata nk'ibisanzwe vyoshika uwariwe wese.

III. Intege nke z'abayobozi Mose na Aroni

Uyu mugabo Mose, yari afise igikorwa gikomeye cane mu kuyobora Abisirayeli, Imana yaramukundira uburwaneza bwiwe. **Guh. 12:3** « *kandi uwo mugabo Mose yari umurwaneza kurusha abantu bose bo mw'isi.* »

Yakora vyose neza kugira yerekane ubuntu bw'Imana mu bari mw'isi. Iki nico Imana yashaka k'uwarawe wese. Vyoba binejereje igihe Yesu Kristo yokuraba ikakwishimira akavuga iti : « *Ndafise umuntu w'umunyakuri mw'isi, afise urukundo mu bandi kandi ntiyiregagiza itegeko ryanje ryo guhindura abantu kuba abigishwa banje.* » aho woba uri umunyamahirwe imbere y'Imana n'abantu.

Muri aka kanya, Mose umuyobozi kandi umwigisha w'ubugororotsi; mw'isaha y'ikigeragezo no gusotorwa, arananawe kwerekana ukwera kw'ishusho ya Yesu Kristo. Imana yamubwiye ngo : « *Ko mutanyizeye ngo mwerekane ukwera kwanje imbere y'Abisirayeli, ntimugishikanye iri koranimo mu gihugu nemeye ko nzobaha.* » **umur. wa 12**

Ni incuro nyishi Mose yagiye ashavuzwa n'Abisirayeli mugabo akerekana umutima w'ukwumvira n'ikigorwe. Yarasengera ishengeru bagahabwa ikigongwe imbere y'Imana. Ntahandi yatumbereza amaso ata k'Uhoraho kandi nawe akamwumvira. Ariko ubuho, ntakindi abona atari ubugumutsi n'ukutizera kw'ishengeru.

Akubita igitandara kabiri kandi yabwiye kubarira igitandara abanje kubabwira ko ari abagararaji. Aha bari beyemeye ko boa ri abagororotsi, bagashaka kwiyubahisha mukibanza c'ukubahisha Imana. Ntaco bivuze kuba uri umurongozi canke umunyeshengeru wubashwe, igihe ukuye amaso k'Uhoraho, ukayahanga ibibazo bikagutera gucumura, Imana iraguhana ikurikije amategeko.

IV. Igihano ku caha cakoze.

Soma Guharura 20 :22-29. Bakiri mu bugararwa Aroni nawe arapfuye adashitse i Kanani. Ashobora kuba yahora yimenyereza ingene azokora ubuherezi bukuru ageze i Kanani ; none baramubwiye ko ashikiriza umwambaro w'ubuherezi umuhungu wiwe Eliyazari. Na Mose nyene ni uko bizomugendera naho yashoboye gusenga ngo Imana imureka azoshikeyo, yaramwankiye.

Umusiguzi 10 :1 "Isazi zipfuye zituma amavuta yavanzwe n'abahinga babimenyereye anuka umuduhu, niko **n'ubupfu** naho bwoba **buke** bwonona

ubwenge n'icubahiro. » Ibi nivyo vyashikiye Mose na Aroni. Kugomba kwemerwa n'abantu vyatumye bakurwa mw'isezerano ryo kuzoshika i Kanani kandi ibindi bari babikoze neza. Imana ishimwe ko bo bemerewe ubugingo budashira.

V. Gushira mu ngiro.

Ibi vyabaye kuri Mose na Aroni biratwigisha ko niba twaratanguye urugendo rw'umusaraba, dukwiye gushishikara kugera kw'iherezo. Uku niko uwandikiye Abaheburayo yavuze. *Kandi turagomba cane yuko umuntu wese wo muri mwebwe yerekana uwo mwete nyene w'ivyizigiro vyuzuye gushika kw'iherezo.*

Mu gihe c'ibibazo, gumiza ivyizigiro kuri Yesu Kristo. Naho wobona umengo ntariko aratabara, burya aba arikoarakora. Wumve ko icubahiro ufise mw'ishengero, igihe wokora icaha ntiwihane, bitobuza ko Imana igukura mu butabo c'ubugingo, ikazoguta mu muriro udahera nk'abandi banyavyaha. Ntiwarusha Mose ubutore imbere y'Imana canke ngo urushe Yuda kwegera Yesu no kumukorera.

Imbabazi ziracahari ni uhaguruke usenge.